



Kijan pou kòmanse konvèsasyon konsènan redetèminasyon Medicaid

Itilize kesyon ak mesaj ankourajman sa yo pou rann konvèsasyon konsènan redetèminasyon Medicaid la pi fasil ak zanmi w, fanmi w epi pwòch ou yo.

Èske w demenaje?

Èske w konn kalandriye pou w konplete redetèminasyon an?

Èske w konnen si Divizyon pou Resous Familyal la ka antre an kontak avèk ou?

Manm Medicaid yo dwe fè redetèminasyon an nan espas 45 jou apre yo resevwa yon notifikasyon.

Èske konnen si kouvèti ou a toujou aktive?

Èske w konnen kisa redetèminasyon vle di pou plan Medicaid ou a?

Èske w konnen kibò pou jwenn plis enfòmasyon sou plan Medicaid ou a?

Elijibilite tout manm Medicaid Indiana yo renouvle chak ane. Eta a itilize pwosesis kòlèk enfòmasyon anyèl sa a pou detèmine elijibilite manm yo pou yon lòt ane kouvèti.

Manm yo kapab jwenn enfòmasyon sou plan ak elijibilite yo lè yo vizite Pòtay Avantaj Anliy FSSA a sou **FSSAbenefits.IN.gov** ou lè yo rele Divizyon pou Resous Familyal Indiana a nan **1-800-403-0864**.

Aprè antretyen ou an, nou swete ke zanmi w, manm fanmi w oswa pwòch ou konprann twa sa ki suiv la yo:

Pwosesis Redetèminasyon Pwosesis redetèminasyon anyèl la senp e li ka konplete anliy, oswa pa lapòs, pa faks oswa lè w delivre dokiman ki egzijè yo nan yon biwo DFR lokal.

Fèt nan Delè Fè redetèminasyon an nan espas 45 jou apre resepsyon yon kourye notifikasyon enpòtan anpil pou konsève yon kouvèti sante san entèripsyon.

Sipò ak Oryantasyon Manm Medicaid yo gen aksè anliy ak kouvèti yo ak avantaj yo. Gen èd ki disponib lè w konekte sou Pòtay Avantaj FSSA a sou **FSSAbenefits.IN.gov** oswa lè w rele Divizyon pou Resous Familyal Indiana a nan 1-800-403-0864 pou asistans adisyonèl.

[FSSAbenefits.IN.gov](https://www.fssa.in.gov)



1-800-403-0864

